



LeeFare


Pasaje LeeTran yo ka senpleman telechaje aplikasyon an nan Apple store la (pou aparèy IOS yo) oswa Google Play store pou aparèy Android yo.

Yonfwa ou fin telechaje aplikasyon an sou aparèy la avèk siksè, pasaje yo ka kreye kont kote yo ka chaje tarif yo epi jere balans ki nan kont lan. Tarif ki chaje sou aplikasyon an disponib pou itilize imedyatman.

Lè yon pasaje pare pou l peye yon tarif pandan l ap monte yon otobis, aplikasyon an pwodui yon kod QR kote pasaje a senpleman tape sou li epi li monte, konsa li pa bezwen touche anyen.

## Lè yon pasaje pwodui yon kod QR nan kont yo a, li disponib pou itilize l sèlman pou 10 minit.

Yon kwonomèt pral parèt pa anlè ekran an, k ap konte minit ki rete yo anvan kod la eskpire. Si kod la eskpire anvan pasaje a itilize l, li pral bezwen pwodui yo lòt kod QR.



Se sèlman pas pou jounen an ki disponib nan aplikasyon an kidonk pa ta dwe gen yon sityasyon kote yon moun pwodui yon kod ki eskpire anvan yo itilize l, ki fè dediksyon tarif yo nan kont yo plizyè fwa. Yo senpleman bezwen pwodui yon nouvo kod si kod orijinal la eskpire anvan yo itilize l.

App a LeeFare pa verifye TropiCard oswa itilize balans limite tikè. Pwodwi yo fonksyone endepandaman.

# Nouvo pèman tarif san kontak LeeFare!

Aplikasyon pou pèman tarif mobil, LeeFare, pèmèt pasaje yo planifye vwayaj yo epi jere kont yo pi fasil pase jamè oparavan.

Sèlman yon pasaje pou chak kont nan aplikasyon LeeFare la.

1

**TELECHAJE** aplikasyon LeeFare la sou aparèy mobil ou a.



2

Pou kreye yon kont, ale nan **MY PASSES**, achte pas la.



3

Lè w pare pou monte, aktive pas ou a epi l ap pwodui yon **KOD QR**.

Kod QR la eskpire aprè 10 minit.



4

Nan bis la, **ESKANE KOD** la lè w mete telefòn nan nan menm nivo ak lektè kat la, tann pou limyè vèt ak son.



Pou plis enfòmasyon ou ka kontakte sèvis kliyan nan

**239-LEE-TRAN oswa 239-533-8726**

W ap jwenn enfòmasyon siplemantè sou:

**RideLeeTran.com**




# Enstriksyon pou aksyon aplikasyon an

## OUVRI YON KONT

1. Lè w rive sou sit la klike sou “Log In”
2. Klike sou opsyon Iyen “Sign up” la
3. Mete tout enfòmasyon pèsònèl pou kreye kont lan. Klike sou bouton “Register” a
4. Mete yon non pou bous oswa wallet (ochwa) epi klike sou “Create Wallet”




## SERE ADRÈS LAKAY OSWA TRAVAY

1. Klike sou senbòl sou kwen anlè agoch la ki gen 3 liy youn sou lòt yo, yo rele “bouton hamburger” tou
2. Klike sou “Settings”
3. Mete adrès lakay ou nan bwat tèks Home nan
4. Chwazi adrès la nan lis la
5. Klike bouton Save
6. Mete yon lòt adrès nan bwat tèks “Work” si w vle
7. Chwazi adrès la nan lis la
8. Klike bouton Save



## PLANIFYE YON VWAYAJ

1. Klike sou bouton meni “hamburger” (twa liy youn anba lòt)
2. Klike onglè planifye yon vwayaj
3. Klike sou bwat tèks “Where To?”
4. Klike sou bwat tèks ki ranpli ak adrès la epi klike “x” siyen epi chwazi senbòl Home nan
5. Klike sou bwat tèks “Destination” epi tape Home (lakay)
6. Chwazi adrès nan lis ki parèt la
7. Pou chwazi opsyon wout ki pi bon mache a, klike onglè “Cheapest” la
8. Klike sou “Route” (ki souliye an ble sou kwen dwat ki pa anba a)
9. Pou wè transfè ki nesèsè sou wout ou chwazi a klike sou onglè “Transfers (transfè)”
10. Pou chwazi opsyon ki gen tan pou mache ki pi kout la klike onglè “Min Walk” la
11. Pou wè yon kat ki gen wout ou te chwazi a klike sou senbòl bis la pou opsyon wout ou vle a
12. Pou wè detay sou wout la etap pa etap, klike sou Bouton “Steps” la ki anba ekran an



## POU WÈ WOUT AK ARÈ

1. Klike sou bouton meni “hamburger” a
2. Klike sou opsyon Routes (wout)
3. Chwazi yon wout/nimewo wout
4. Chwazi arè a
5. Klike sou detay arè a



## TRANSFÈRE ENFÒMASYON BALANS KONT LAN SOU YON LÒT APARÈY MOBIL

1. Enstale aplikasyon an sou nouvo aparèy mobil ou vle transfere kont lan, lè w ale sou sant aplikasyon an
2. Avèk nouvo aparèy mobil la, louvri yon sesyon avèk menm enfòmasyon pou kont ou te kreye a sou ansyen aparèy mobil la
3. Kounye a lanse aplikasyon an sou ansyen aparèy mobil la
4. Ale nan My Passes epi klike sou “Account Management”
5. Sou ekran Account Management lan, klike sou “Transfer Card”
6. Mete modepas la epi klike sou “Verify”
7. Retounen nan nouvo aparèy mobil la epi ouvri l ak menm enfòmasyon yo pou rantre nan kont lan

